


Kijan pou w Renouve yon Preskripsyon

Sou Aplikasyon Mobil RxLocal la

1. Seleksyone “Renouve Preskripsyon Mwen yo”


Sou ekran prensipal la, seleksyone bouton “Renouve Preskripsyon Mwen yo” an. Si nesesè, seleksyone famasi ak pasyan ki posede preskripsyon an.



2. Seleksyone Medikaman pou renouve yo


Seleksyone medikaman ou vle renouve yo, epi seleksyone bouton “Renouve Medikaman Seleksyone yo” an.

Nòt: Ou pap kapab renouve medikaman doktè w la kanpe yo.




3. Chwazi Metòd pase pran oswa livrezon

Seleksyone kijan ou ta renmen resevwa preskripsyon w lan: pase pran, livrezon, oswa lapòs. Sèlman opsyon famasi w la ofri yo k ap afiche. Ou ka bezwen bay plis enfòmasyon, tankou lè w ap pase pran an, toudepan kisa ou seleksyone.



4. Reciba la confirmación

Lè ou fin seleksyone kijan w ap resevwa preskripsyon w lan, ou pral resevwa yon mesaj konfimasyon. Famasi w la ka voye yon mesaj ba ou atravè RxLocal lè preskripsyon w lan pare pou w pase pran, soti pou livrezon, oswa ale nan lapòs.



5. Aktyalize Adrès/Lòt Enfòmasyon

Si ou seleksyone opsyon livrezon oswa lapòs, w ap kapab aktyalize adrès ou si nesesè lè ou klike bouton “Aktyalize Enfòmasyon mwen” an. Ou kapab voye nouvo adrès ou a oswa enfòmasyon aktyalize a nan yon mesaj bay famasi a.

